



# Yon gwo opòtinite karyè ak Benefis, Fòmasyon & Avansman Pwofesyonèl!

## Vin yon asistan swen pèsonèl (PCA)

Pwogram Asistan swen Pèsonèl (PCA) delivre pa MassHealth. MassHealth peye kliyan-anplwayè (moun ki genyen andikap fizik, entelektyèl, oswa devlopman) pou anboche PCA pou ede yo nan aktivite lavi chak jou:

- Prepare epi bay manje
- Netwaye kay ak fè makèt
- Ede mache ak transfere
- Sipò nan mache
- Ede nan fè twalèt
- Ede ak benyen epi abiye

### Kalifikasyon

- PCA dwe legalman otorize travay ozetazini (United States).
- PCA dwe kapab konprann epi egzekite enstriksyon kliyan anplwayè a.
- Nouvo PCA yo dwe konplete yon fòmasyon pou novo anboche nan lespas nèf (9) mwa dat yo anboche.
- [Ale nan lòt kalifikasyon nan MassHealth règleman nan 130 CMR 422.000.](#)

### Benefis

- Salè chak èdtan \$19.00
- Konje medikal pou fanmi peye
- Genyen rive 50 èdtan konje peye
- Elijib pou chomaj

### Fòmasyon gratis

Apre premye jou anplwa kòm PCA, ou gen dwa anrejistre pou kèk kou milti-sesyon epi yon jou atelye!

### Avansman Karyè

Premye jou dezyèm ane travay ou, PCAs vin elijib pou:

- **Bon ekolaj pou kolèj** uit (8) kredi gratis pa ane) genyen kredi oswa pwogram etid nan enfòmason teknoloji, swen sante oswa domèn edikasyon
- **Pwogram Asistan enfimyè (CNA)** ki gen ladan li frè kou a, tès sètifikasiyon ak inifòm

### Kòmanse jodia!

- Plis enfòmasyon disponib nan [www.MADirectCare.com](http://www.MADirectCare.com).
- Kreye yon pwofil travayè nan [www.MassPCADirectory.org](http://www.MassPCADirectory.org). Konekte sou entènèt ak moun ki vle anboche PCA. Potansyèl konsomatè-anplwayè yo pral aprann sou preferans travay ou, kalifikasyon, aptitud, ak fòmasyon ou.



**MASSPCA  
DIRECTORY**



PCA Quality Home Care Workforce Council  
[pcacouncil@mass.gov](mailto:pcacouncil@mass.gov) | [www.mass.gov/pca](http://www.mass.gov/pca)

(10/2023 HT)